

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Panalungtikan nu judulna “Ulikan Struktural jeung Psikologi Humanistik dina Naskah Drama ‘Tukang Asahan’ karya Wahyu Wibisana” ngadeskripsikeun: 1) struktur carita, 2) struktur naskah drama, jeung 3) psikologi humanistik dina naskah drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana. Anapon teori nu digunakeun nyaeta pamarekanana Robert Stanton ngeunaan struktural sastra jeung Abraham Maslow ngeunaan psikologi humanistik. Metode nu digunakeun deskriptif kualitatif nu teknikna studi pustaka, analisis struktur, jeung analisis psikologi.

Struktur carita drama ngawengku tema, fakta carita, jeung sarana sastra. **Téma** carita ngeunaan ‘masalah-masalah kahirupan saperti ekonomi, sosial, politik, jeung sumber daya nu jadi matak kana kahirupan manusa dialam dunya.’ Tema ngirut kana unggal kajadian, ogé tema ngagambarkeun jalan carita atawa dijadikeun gurat badag carita. Dina tema ogé dipedar ngeunaan filsafah-filsafah nu aya dina carita. **Fakta carita** fungsina ngabantuan imajinasi kajadian carita sarta hal nu nyata sagemblengna dina carita. Fakta carita ngaguar ngeunaan alur, tokoh, jeung latar. Alur dina naskah nyaéta maju lantaran runtuyan carita dumasar kana peristiwa nu ngaruntuy sanajan latar maju mundur saperti campuran. Tokoh nu miboga kahirupan sewang-sewangan dumasar kana jaman. Tokoh ogé dijéntrékeun sacara implisit nu dibagi jadi tilu aya mahasiswa jeung tukang asahan salaku tokoh protagonis. Aya sudagar, nyonya sudagar, kangjeng raja, jeung Nyi Itok salaku tokoh antagonis. Aya Si Kabayan, badega, jeung léngsér salaku tokoh kapercayaan. Latar dina naskah ieu hal jadi ngirut jeung bisa mangaruhan kana kadua fakta carita liana, sabab naskah diwangun ku opat latar nu beda-beda sacara jaman, kahirupan, jeung kaayaan. Jaman nu dijadikeun latar nyaéta aya jaman Friedrich Wilhelm Nietzches nu digambarkeun ku Sudagar, jaman Liberalisme klasik nu digambarkeun ku Raja, jaman Si Kabayan, jeung jaman modérn nu digambarkeun

ku mahasiswa jeung tukang asahan. Salian latar tempat dumasar jaman kapanggih ogé latar séjéna saperti latar waktu sataun satengah, beurang, Kamari, sapoé dua poé, peuting, jeung isukan. Aya ogé latar sosial nu ngajéntrékeun latar tempat jeung kaayaan jamana sarta wujud sosial nu diwangun dumasar kana kahirupan tokoh jeung tokoh asli dina jamanna. **Sarana sastra** nu ngaguar ngeunaan puseur panitén, gaya basa, simbol, ironi, jeung judul. Dina naskah ngan kapanggih opat sarana sastra nyaéta puseur panitén, gaya basa, ironi jeung judul. Puseur panitén dina naskah nyaéta jalma katilu ku sabab pangarang teu nyaritakeun sacara langsung tapi ngagunakeun tokoh séjén saperti mahasiswa. Gaya basa nu kapanggih dina ieu naskah nyaéta similé, hiperbola, jeung personifikasi gaya basa dina naskah kawilang seueur sabab jenis drama nu campuran nyaéta prosa jeung puisi. Ironi dina naskah ditepikeun kuhiji tokoh nyaéta badéga nu keur maturan sudagar nyarita jeung kapala jagal. Tapi badéga kalakah nyarita ngeunaan kahirupanana. Hal ieu kaasup ironi sabab patukang tonggong jeung kaayaan. Judul dina naskah nyaéta *Tukang Asahan* dipilih ku sabab pangarang hayang meunangkeun estetik jeung ngafokuskeun pamaca kana pasualan kahirupan nu dialaman tukang asahan.

Struktur naskah dina naskah drama *Tukang Asahan* nu ngawengku prolog, dialog, solilokui, aside, babak, adegan, jeung epilog. Sacara stuktur naskah-naskah drama *Tukang Asahan* kawilang teu lengkep sabab aya sawatara hal nu sakuduna dicaritakeun ku pangarang tapi dicaritakeun ku tokoh dina naskah. **Prolog** sakuduna aya panganteur carita nu lengkep nu memang nyaritakeun tokoh atawa kajadian mimiti nu dicaritakeun ku pangarang. Tapi dina naskah dimimitian ku setting drama nu teu pati ngajéntrékeun tokoh atawa lain panganteur carita. **Dialog** naskah kawilang lengkep lantaran unggal pamaen miboga dialog sewang-sewangan sarta kaseluruhan ieu naskah diwangun ku dialog. **Solilokui** nu kapanggih dina naskah nandakeun ayana masalah dina diri tokoh. Aside ogé dituduhkeun ku sababaraha tokoh nu nyarita ka panongton padahal aya tokoh séjén. **Babak** nu diwangun dina naskah kawilang seueur nyaéta aya 9 babak nu saenyana bisa waé dua babak di tukang bisa di heureutkeun jadi sababak. Tina lobana babak tangtu loba ogé adegan dina naskah. **Adegan** nu diwangun dina naskah sagemblengna aya

Salma Fakhira, 2021

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI HUMANISTIK DINA NASKAH DRAMA  
"TUKANG ASAHAN" KARYA WAHYU WIBISANA**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

33 adegan. **Épilog** kawilang teu lengkep lantaran dicaritakeun ku tokoh dina carita padahal sacara teori sakuduna carita dipungkas ku kacindékan carita nu dicaritakeun pangarang.

Psikologi humanistik nu diguar dumasar kana teori nu Abraham Maslow nu kasohor ku tingkatan psikologi humanistik nyaéta aya pangabutuh fisiologi, pangabutuh kana rasa aman, pangabutuh kana kanyaah, pangabutuh kana penghargaan jeung tingkatan nu luhur nyaéta aktualisasi diri. Dina sadaya pangabutuh aya hiji tokoh nu pangabutuhanana nincak kana pangabutuhan luhur nyaéta mahasiswa. Hal ieu nilik kana carita jeung cara tokoh nyanghareupan unggal pasualan. Tokoh liana masih kurang pikeun aktualisasi diri, salah sahiji tokoh nu kurang pikeun aktualisasi nyaéta sudagar nu masih butuh pangabutuhan séjén saperti pangabutuh kana rasa aman, pangabutuh kana penghargaan, jeung pangabutuh kana rasa kanyaah nu kudu dilengkepan ku dirina saorangan sangkan kacapai kana pangabutuh luhur nyaéta aktualisasi diri. Dina psikologi humanistik ogé diguar ngeunaan pangabutuh nu sabenerna geus kacumponan tapi ku sabab tokoh masih ngarasa kurang, ngajadikeun pangabutuh éta teu cumpon. Saperti nyonya sudagar sacara fisiologi nyaéta pangabutuh kana kahirupan sapopoéna geus kacumponan. Tapi ku sabab dina dirina hayang leuwih unggul jadi ngarasa teu kacumponan nu matak nyonya sudagar aya dina kurangna pangabutuh fisiologi. Aya ogé raja, lamun nilik kana pangawasana raja kuduna aya dina aktualisasi diri. Tapi dina carita raja ngarasa hariwang kana kaamanan dina kawasana sabab ayana pemberontakan ti satria nu antukna teu kacumponana pangabutuh kana rasa aman.

Kacindekanana, yén ieu naskah téh dua strukturna aya hubunganana nu dipangaruhan ku latar estetik. Sacara struktur carita, naskah téh kawilang lengkep, ku sabab nilik kana sagala aspék sadayana aya dina naskah. Tapi sacara struktural naskah, ieu naskah drama teu lengkep sabab aya sababaraha hal nu teu luyu jeung téori saperti prolog jeung épilog nu dicaritakeun ku tokoh dina drama. Padahal sakuduna prolog jeung épilog dicaritakeun langsung ku pangarang. Dumasar kana psikologi humanistikna unggal tokoh nu miboga karakteristik rupa-rupa ngagambarkeun pangabutuh manusa nu dipatalikeun jeung psikologi humanistik.

**Salma Fakhira, 2021**

***ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI HUMANISTIK DINA NASKAH DRAMA***

***“TUKANG ASAHAN” KARYA WAHYU WIBISANA***

**Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)**

Pangabutuh nu teu cumpon dina naskah dipangaruhan ku sipat individual tokoh. Tina pasipatan jeung paripolah nu digambarkeun ku tokoh, nu bisa dijadikeun pangaweruh kana kahirupan.

## 5.2 Implikasi

Naskah drama “*Tukang Asahan*” mangrupa salah sahiji karya sastra ti Wahyu Wibisana nu dijerona loba ngagambarkeun kahirupan sapopoé. Dumasar kana teori nu diguar naskah drama mangrupa hiji bentuk karya nu bisa dijadikeun pieunteungeun pikeun kahirupan sapopoé. Hal éta ngajadikeun naskah drama objek pikeun ieu panalungtikan sarta diguar dumasar kana pamekaran panalungtikan nu dirojong ku teori-teori para ahli. Tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat, sarta bisa jadi pieunteungeun pikeun kahirupan utamana ngeunaan pangabutuh manusa.

Panalungtikan ogé bisa dijadikeun kamekaran karya sastra Sunda hususna dina naskah drama nu bisa jadi gambaran pikeun nalungtik hiji karya. Panalungtikan ogé bisa jadi tarekah pikeun mikawanoh karya sastra ka generasi salajengna. Salian ti éta, bisa dipaké pikeun neuleuman karya jeung merhatikeun hal-hal nu kudu aya dina hiji karya sastra.

## 5.3 Rekomendasi

Tina panalungtikan ngeunaan *Ulikan Struktural jeung Psikologi Humanistik dina Naskah Drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana* tangtu aya sawatara hal nu dijadikeun rekoméndasi pikeun kapentingan satuluyna. Kahiji, dumasar kana pamarekan karya sastra, kapaluruh masih keneh kurang referensi hususna ngeunaan psikologi humanistik. Ku kituna, panalungtikan sarupa anu nalungtik ngeunaan psikologi humanistik kudu dilaksanakeun kana karya séjén hususna karya sastra Sunda. Sangkan karya sastra Sunda leuwih mekar jeung bisa neuleuman kana téori séjén nu bisa kagambar ku karya sastra. Kadua, husus kana lembaga akademisi kudu bisa jadi wadah pikeun ngahudangkeun jeung ngaronjatkeun minat masyarakat neuleuman karya sastra. Sangkan hasil tina panalungtikan bisa dijadikeun mangpaat sadaya. Katilu, panalungtik sadar masih kénéh kurang

Salma Fakhira, 2021

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI HUMANISTIK DINA NASKAH DRAMA  
“TUKANG ASAHAN” KARYA WAHYU WIBISANA**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

sempurna atawa kurang lengkep dina hasil panalungtikanana. Ku kituna, dipiharep panalungtik bisa mekarkeun deui panalungtikana sangkan leuwih jembar.

Salma Fakhira, 2021

*ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI HUMANISTIK DINA NASKAH DRAMA  
"TUKANG ASAHAN" KARYA WAHYU WIBISANA*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)